**दिन–बुधवार** **दिनांक–27.03.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक पहिल चरण लेल राज्य मे नामांकन पत्र दाखिल करबाक काल्हि अंतिम दिन अछि। एहि चरण मे प्रदेशक गया, नवादा, औरंगाबाद आ जमुई सीट पर मतदान होयत। चुनाव आयोग सँ प्राप्त आंकड़ाक अनुसार एखन धरि औरंगाबाद सँ छओ गया सँ तीन आ नवादा सीट सँ एक प्रत्याशी नामांकन पर्चा भरने छथि। एहि मे औरंगाबाद सँ भाजपा उम्मीदवार सुशील कुमार सिंह आ नवादा सँ राष्ट्रीय जनता दलक श्रवण कुमार कुशवाहा सम्मिलित छथि। जमुई सँ एखन धरि कोनो नामांकन नहि भेल अछि। राज्य मे पहिल चरणक चुनाव लेल नामांकन पत्रक जाँच तीस मार्च के कयल जायत आ दू अप्रील धरि नाम वापस लेल जा सकत।

---

महागठबंधनक प्रमुख दल राजद आ कांग्रेसक मध्य सीट बटवारा के लऽकऽ विवादक स्थिति बनल अछि। सीट बटवारा के लऽकऽ काल्हि धरि भेल बातचीत बेनतीजा रहल। प्राप्त संवादक अनुसार आइयो महागठबंधनक शीर्ष नेता लोकनिक बैसार हेबाक संभावना अछि। तकर बाद सीट बटवाराक घोषणा भऽ सकैत अछि। एम्हर, कांग्रेसक वरिष्ठ नेता निखिल कुमार औरंगाबाद सीट के लऽकऽ आरजेडी पर गठबंधन धर्मक पालन नहि करबाक आरोप लगौलनि अछि।

---

एहि मध्य महागठबंधन मे पूर्णिया सीट के लऽकऽ मतभेद बढि गेल अछि। हालहिं मे जदयू के छोड़ि राजद मे सम्मिलित भेल बीमा भारती आइ पूर्णिया संसदीय क्षेत्र सँ चुनाव लड़बाक घोषणा कऽ देलनि। संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे ओ कहलनि जे पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष लालू प्रसाद हुनका सिंबल दऽकऽ चुनाव लड़बाक लेल पठौलनि अछि। ओ कहलनि जे आगामी तीन अप्रील के ओ कार्यकर्त्ता लोकनि संग नामांकन दाखिल करतीह। बीमा भारतीक एहि घोषणाक बाद कांग्रेस नेता पप्पू यादव के पूर्णिया संसदीय क्षेत्र सँ महागठबंधनक उम्मीदवारक रूप मे चुनाव लड़बा पर प्रश्न चिन्ह लागि गेल अछि।

---

चिराग पासवानक नेतृत्ववला लोक जनशक्ति पार्टीक रामविलास अरूण भारती के जमुई संसदीय क्षेत्र सँ उम्मीदवार घोषित कयलक अछि। श्री पासवान आइ हुनका पार्टीक चुनाव चिन्ह आवंटित कऽ देलनि। चिराग पासवान दू हजार चौदह आ दू हजार उन्नैस मे जमुई लोकसभा सीटक प्रतिनिधित्व कऽ चुकल छथि। एहि बेर चिराग पासवान हाजीपुर संसदीय क्षेत्र सँ चुनाव लड़बाक घोषणा कयने छथि। बिहार मे एनडीएक सीट बटवाराक समझौता मे लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास के पांच सीट भेटल अछि।

---

भारतीय जनता पार्टी लोकसभा चुनाव लेल राज्य मे प्रचार लेल स्टार प्रचारकक सूची जारी कऽ देलक अछि। स्टार प्रचारकक सूची मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, बीजेपी अध्यक्ष जे.पी. नड्डा, गृहमंत्री अमित शाह, उत्तर प्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ समेत चालीस वरिष्ठ नेताक नाम सम्मिलित अछि। सूची मे बिहार भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष सम्राट चौधरी, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा, केन्द्रीय मंत्री नित्यानंद राय, गिरिराज सिंह, अश्विनी चौबे आ पार्टीक राष्ट्रीय प्रवक्ता शाहनवाज हुसैन समेत बिहार भाजपाक आनो वरिष्ठ नेताक नाम सम्मिलित अछि।

---

राष्ट्रीय लोक मोर्चाक अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा आइ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सँ भेट कयलनि। श्री कुशवाहा एहि भेटक फोटो सोशल मीडिया पर साझा करैत कहलनि अछि जे ओ अपन पैघ भाई नीतीश कुमार सँ आशीर्वाद लेबऽ गेल छलाह। ओ दावा कयलनि जे एनडीए राज्यक सभ चालीस सीट पर जीत दर्ज करत।

---

लोकसभा चुनावक दोसर चरणक मतदान लेल काल्हि अधिसूचना जारी कयल जायत। दोसर चरण मे बिहार मे पांच लोकसभा सीट किशनगंज, कटिहार, पूर्णिया, भागलपुर आ बांका मे चुनाव होयत। अधिसूचना जारी हेबाक बाद एहि सीट लेल नामांकनक प्रक्रिया शुरू भऽ जायत। नामांकन पत्र दाखिल करबाक अंतिम तिथि चारि अप्रील अछि। पांच अप्रीज के नामांकन पत्रक जांच होयत आ आठ अप्रील धरि उम्मीदवार नाम वापस लऽ सकताह। एहि क्षेत्र मे छब्बीस अप्रील के मतदान होयत।

---

कटिहार पुलिस जिलाक अमदाबाद आ कुर्सेला थाना क्षेत्र मे अभियान चला कऽ भारी मात्रा मे हथियार आ कारतूस बरामद कयलक अछि। एहि मामिला मे चारि अपराधी के गिरफ्तार कयल गेल अछि।

बेगूसराय पुलिस लाखो थाना क्षेत्रक कासिमपुर मे छापामारी कऽ मिनी शराब फैक्ट्रीक उदभेदन करैत दू अपराधी गिरफ्तार कयलक अछि।

---

राजधानी पटना समेत प्रदेशक विभिन्न भाग मे मौसम शुष्क बनल अछि। कतेको ठाम तापमान मे वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार सुपौल, अररिया, किशनगंज समेत प्रदेशक उत्तर पूर्वी भाग मे किछु ठाम आंशिक बरखा हेबाक संभावना बनल अछि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।